Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE EFÒ SEKIRITE NAN ZÒN TRAVAY NAN TOUT ETA A PANDAN SEZON KONSTRIKSYON AN KÒMANSE EPI LI MAKE SEMÈN SANSIBILIZASYON NAN ZÒN TRAVAY NASYONAL LA

Otorite Thruway la lanse yon nouvo mesaj enterè piblik (PSA) sou sekirite nan zòn travay ki rele "Ede nou Retounen Lakay" kote y ap prezante anplwaye antretyen ki soti toupatou nan Nouyòk

'Operasyon Kas Sekirite' a ak pwogram otomatize kontwòl eksè vitès nan zòn travay la pral ogmante mwa prentan ak ete yo, sa k ap amelyore pwoteksyon pou travayè otowout yo

Moniman yo nan Eta a pral limen avèk koulè oranj nan lendi 20 avril pou onore travayè otowout yo atravè Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay la, yon kanpay ki dire yon semèn soti 20 avril pou rive 24 avril ki ankouraje sekirite zòn travay nan tout eta a, pou ankouraje chofè yo ralanti, rete vijilan epi swiv Lwa Eta Nouyòk la pou pwoteje travayè otowout ak bò wout yo. Tèm pou ane a se "Aksyon san Danje Sove Lavi".

"Chak travayè bò wout yo merite retounen lakay yo san danje nan fen orè travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kantite entrizyon nan zòn travay yo alamant epi li montre ke twòp chofè toujou ap inyore lalwa a epi mete lavi an danje. Zòn travay yo se sit travay aktif, epi enpasyans oswa distraksyon yon chofè ka gen konsekans ki chanje lavi. Se poutèt sa n ap mete presyon pou yon aplikasyon ki pi solid ak penalite ki pi sevè pou residivis yo, epi se poutèt sa m ap ankouraje chak chofè pou ralanti, rete vijilan epi pou yo respekte moun k ap travay sèlman kèk pye distans ak sikilasyon an. Aksyon ki an sekirite lè w ap kondui a sove lavi tout bon vre."

Malgre plizyè ane pwogrè, zòn travay yo rete pami kote ki pi danjere sou wout Nouyòk yo. Apre twa ane bès youn apre lòt, aksidan nan zòn travay sou Thruway Eta Nouyòk la te ogmante an 2025 pou rive nan pi gwo nivo yo depi 2020, ak 228 aksidan ki te lakòz 28 blesi. Ensidan sa yo sitou koze pa eksè vitès, distraksyon nan kondwi, kondui twò pre veyikil, chanjman liy ki pa an sekirite ak mank respè pou siy avètisman ak enstriksyon moun bay fè siy — konpòtman ki mete ni travayè yo ni chofè yo an danje.

Pou ranfòse enpak aksidan nan zòn travay yo, Otorite Thruway Eta Nouyòk (New York State Thruway Authority) la ap lanse yon anons sèvis piblik sou sekirite zòn travay ki rele "Ede nou Retounen Lakay" (Help Us Get Home). PSA a prezante anplwaye antretyen Thruway ki soti toupatou nan eta a k ap pale dirèkteman ak chofè yo sou risk yo fè fas chak jou pandan y ap antreteni ak repare gran wout Nouyòk yo.

Kanpay la souliye yon mesaj senp men pwisan: chak travayè ki gen yon kas pwoteksyon se yon paran, yon mari oswa yon madanm, yon vwazen oswa yon zanmi tou, epi chak moun merite retounen lakay yo an sekirite nan fen jounen an.

Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap lanse tou yon kanpay edikasyon piblik nan tout eta a pou raple chofè yo ke chwa kondwi yo nan zòn travay yo gen konsekans reyèl. Chofè ki chwazi depase vitès oswa kondwi distrè nan zòn travay sou gran wout yo mete lavi travayè wout yo ak lavi pa yo an danje. Kanpay la, ki ankouraje chofè yo pou yo ralanti, fè atansyon epi deplase nan zòn travay yo, gen ladan piblisite sou rezo sosyal yo, difizyon odyo ak videyo, radyo, pano afichaj ak dèyè bis, ansanm ak nan estasyon gaz yo.

Depatman Transpò Eta a te pèdi 59 travayè nan travay pandan tout listwa li. An 2025, te gen 366 aksidan nan zòn travay sou wout ki pou NYSDOT ki te lakòz 58 blesi ak de lanmò. Robert Bornt, yon travayè antretyen otowout NYSDOT, te pèdi lavi l nan dat 30 me 2025, apre yon machin te frape l pandan l t ap travay sou State Route 7. Robert, ki soti Hoosick Falls, nan konte Rensselaer, te yon mari devwe, yon papa, yon chèf ponpye volontè ak yon poto mitan nan kominote li a, epi yon manm fanmi NYSDOT la ke tout moun renmen anpil. Kanpay edikasyon piblik la dedye a memwa Robert ak tout moun ki te mouri san rezon pandan y ap fè travay yo pou fè wout yo pi an sekirite pou piblik la k ap vwayaje.

Detay sou Operasyon Kas Pwoteksyon (Operation Hardhat) an
Apati Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la epi kontinye pandan tout mwa prentan ak ete yo, Lapolis Eta Nouyòk ak ajans lapolis lokal yo pral fè operasyon "Operasyon Kas Pwoteksyon" ankò nan zòn travay aktif Thruway ak Depatman Transpò Eta Nouyòk la nan tout eta a.

Anba Operasyon Kas Pwoteksyon an, Patwouy Eta yo ak ofisye lapolis lokal ki patisipe yo, souvan abiye tankou travayè otowout, idantifye epi bay chofè yo kontravansyon pou vyolasyon tankou:

- Depase vitès limit nan zòn travay yo
- Dezobeyi moun k ap bay siyal sikilasyon yo
- Vyolasyon telefòn selilè ak senti sekirite
- Echèk pou konfòmite avèk Lwa Mete w sou Kote Eta a

Efò aplikasyon sa yo fèt pou dekouraje konpòtman danjere epi ranfòse responsablite pataje chofè yo genyen pou kenbe zòn travay yo an sekirite.
Pandan sezon konstriksyon 2025 la, Lapolis Eta Nouyòk te fè 55 Operasyon Kas Pwoteksyon nan tout eta a epi yo te bay yon total 3,217 kontravansyon.

Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay la
Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk kontinye elaji pwogram Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay (Automated Work Zone Speed Enforcement, AWZSE) li a, yon inisyativ konjwen NYSDOT ak Otorite Thruway la ki te etabli pa lejislasyon an 2021. Pwogram nan te pwouve efikas nan diminye vitès nan zòn travay kote kamera yo deplwaye, ede chanje konpòtman chofè yo epi pwoteje travayè yo. Nan kad pwogram nan, yo bay amann konsa a:

- Premye Avi Responsablite: 50 dola
- Dezyèm Avi Responsablite: 75 dola nan yon peryòd 18
- Twazyèm Avi Responsablite ak sa ki vin Apre yo: 100 dola nan yon peryòd 18 mwa

Pwopozisyon Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2027 la gen ladan l pwoteksyon amelyore kont agresyon pou travayè otowout yo, nouvo penalite pou menase yon travayè otowout ak pou entrizyon nan zòn travay aktif yo, epi li elaji pwogram AWZSE a pou plis wout, tout sa ranfòse pwoteksyon pou travayè bò wout yo plis toujou.

Rapèl sou Konsèy Sekirite pou Chofè yo
Yo raple chofè yo pou yo:

- Ralanti lè y ap apwoche ak vwayaje nan zòn travay yo
- Deplase sou kote pou tout veyikil ki kanpe yo, premye sekouris yo ak travayè bò wout yo
- Rete lwen telefòn epi evite lòt distraksyon
- Swiv siy ki afiche yo, chanjman liy yo ak enstriksyon sinyalè yo.

Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la sèvi kòm yon rapèl anyèl ke zòn travay yo tanporè, men konsekans kondwi ki pa an sekirite ka dire pou tout tan. Sekirite se yon responsablite pataje. Lè nou travay ansanm, nou ka diminye aksidan epi asire wout ki pi an sekirite pou travayè yo ak chofè yo.

Pou plis enfòmasyon sou Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay la ak fason pou w rete an sekirite pandan w ap kondwi nan zòn travay yo, vizite sitwèb konplè eta a nan ny.gov/workzone.

Men 14 moniman ki pral klere an oranj aswè a, 20 avril, pou Jounen Go Orange la an pou onore travayè otowout yo atravè Eta Nouyòk la:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon

- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Fa Roosevelt Island

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta Nouyòk la, Frank G. Hoare, te deklare, "Ogmantasyon aksidan nan zòn travay sou Thruway la ki fèt dènyèman an pa akseptab. Ekip antretyen yo mete tèt yo an danje chak jou pou kenbe epi modènize wout nou yo, epi omwen nou ka mande se pou chofè yo fè pati pa yo pou ede travayè nou yo rive lakay yo an sekirite. Sa a se pa yon demann pou yon semèn sèlman, se yon responsablite chak jou. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò solid li ak angajman kontinyèl li pou pwoteje travayè sou otowout yo atravè yon aplikasyon lwa ki pi sevè, sansibilizasyon piblik, ak responsabilizasyon pou move konpòtman nan kondui ki mete lavi moun an danje."

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sekirite ak byennèt mendèv nou yo — manm ekip nou yo. Pou nou menm ki nan Depatman Transpò Eta a, Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la gen yon siyifikasyon espesyal. Li rive jis kèk semèn anvan premye anivèsè lanmò Sipèvizè Antretyen Otowout NYSDOT, Robert Bornt, pandan l t ap fè travay li. Robert te yon poto mitan nan kominote li a epi li te merite pou l retounen lakay li al jwenn fanmi li nan fen jounen travay li. Okontrè, me pase a, yon machin te frape l mòtèlman pandan l te nan yon zòn travay. Nou angaje pou nou fè tout sa nou kapab pou kenbe travayè otowout, pon ak transpò nou yo an sekirite epi nou trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman san fay li anvè sekirite mendèv nou yo atravè pwoteksyon amelyore kont entrizyon nan zòn travay, responsablite ak aplikasyon lwa. Mwen sipliye piblik k ap vwayaje a pou yo pran anpil prekosyon nan zòn travay yo pandan sezon konstriksyon an ap kontinye ogmante. Ekip nou yo ap la chak jou — pou kenbe w an sekirite. Tanpri jwe wòl pa ou pou kenbe yo an sekirite."

Direktè Egzekitif Otorite Pon Eta Nouyòk (New York State Bridge Authority), Doktè Minosca Alcantara, te deklare, "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la ke yo obsève chak ane sèvi kòm yon rapèl enpòtans sekirite sou wout ak pon nou yo, ansanm ak nesesite pou pwoteje sèvitè piblik devwe ki antreteni yo. Rete vijilan epi ralanti nan zòn travay yo pa sèlman esansyèl pou chofè yo, li ka fè diferans ant lavi ak lanmò pou ekip wout ak pon nou yo. Aksyon an sekirite sove lavi, epi nou tout pataje yon responsablite pou nou fè pati pa nou. Otorite Pon (Bridge Authority) an remèsye Gouvènè Hochul, Lejislati a, ak patnè transpò nou yo pou angajman kontinyèl yo pou amelyore sekirite pou travayè yo ak piblik la k ap vwayaje a."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Youn nan misyon fondamantal Lapolis Eta Nouyòk la se sekirite otowout, epi nou pran responsablite sa a oserye. Fanm ak gason ki fè travay yo chak jou sou wout eta nou an fè fas ak plizyè defi

— soti nan chofè k ap depase vitès, chofè ki distrè oswa ki sou enfliyans, ak lòt konpòtman neglijan. Pandan n ap lanse sezon konstriksyon an epi n ap rekonèt Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la, n ap kontinye asire ke lwa yo aplike epi chofè yo respekte pratik kondwi an sekirite nan zòn travay yo. Aksyon sa yo ka sove lavi epi anpeche trajedi san sans."

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) a nan Eta Nouyòk la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee) a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Apre yon long sezon ivè, n ap wè plis travayè k ap repare wout nou yo. Kit se divizè beton oswa kòn zoranj ki pwoteje yo, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou ede kenbe ekip nou yo an sekirite lè yo ralanti epi yo deplase sou kote. Epi, jan sa toujou fèt, nou mande chofè yo pou yo rete vijilan, minimize distraksyon, kenbe yon distans ant yo menm ak lòt machin yo epi pou yo pa depase vitès."

Diane Kenneally, Direktè Administrasyon Pon ak Tinèl MTA a, te deklare "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la se yon rapèl enpòtan ke dèyè chak kòn, baryè, ak restriksyon liy pa sèlman gen yon travayè devwe men tou pwòch yon moun. Pon ak Tinèl MTA yo te konstate dirèkteman kijan pwogram Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay la ka chanje konpòtman chofè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou elaji inisyativ sa a nan Pon ak Tinèl MTA yo ak angajman solid li pou pwoteje ekip ki kenbe pasaj nou yo chak jou."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la se yon rapèl pou chofè yo ralanti, kondui an sekirite, epi obeyi règ wout la. Anplwaye otowout nou yo travay di chak jou pou amelyore wout nou yo epi pou yo fè chofè yo ale kote yo bezwen ale, epi li jis pou nou travay pou kenbe yo an sekirite pandan y ap travay la. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Otorite Thruway la ak NYSDOT pou patenarya kontinyèl yo pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite sou wout nou yo."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Antanke Prezidan Komite Transpò Asanble a, mwen toujou bay sekirite nan zòn travay la priyorite. Pa gen eskiz pou eksè vitès ak kondwit ensousyan nan zòn travay yo. Travayè nou yo merite yon anviwònman travay ki an sekirite. Yo ta dwe kapab retounen lakay yo pou jwenn fanmi yo ak moun yo renmen yo lè yo fini travay yo. An 2021, mwen te patwone epi mwen te pase yon pwogram pilòt pou mete kamera sekirite nan zòn travay sou gran wout nou yo pou pwoteje travayè nou yo epi fè chofè yo konnen aksyon yo dèyè volan an gen konsekans. Pwogram pilòt sa a te elaji — epi li mache. Nou pral kontinye fè tout sa ki nesesè pou kenbe travayè nou yo an sekirite. Nou pral kontinye fè tout sa ki nesesè pou kenbe travayè nou yo an sekirite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Associated General Contractors Eta Nouyòk, Mike Elmendorf, te deklare, "Semèn Sansibilizasyon sou Sekirite nan Zòn Travay Nasyonal la se yon rapèl enpòtan ke dèyè chak kòn, baryè, ak fèmti liy gen gason ak fanm k ap travay pou rebati ak ranfòse enfrastrikti Nouyòk la. Sa yo se

vwazen nou yo — pwofesyonèl kalifye k ap fè travay enpòtan sa a pou kenbe nou tout an mouvman ak an sekirite — epi ki merite retounen lakay yo an sekirite nan fen chak jounen. Nou felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li nan bay priyorite ak sekirite zòn travay yo, epi nou ankouraje chak chofè pou yo ralanti, rete vijilan, epi respekte zòn travay la. Nou ankouraje Lejislati a tou pou adopte de pwopozisyon vital sou sekirite nan zòn travay ke Gouvènè Hochul te prezante nan Bidjè Egzekitif la — finalman ane sa a pou bay menm pwoteksyon pou travayè otowout yo ke yo te pwolonje pou travayè transpò piblik yo epi pou elaji pwogram siveyans vitès otomatik nan zòn travay Nouyòk la ki reyisi. Lavi depann de li."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Konpayi Enjenyè Ameriken nan Nouyòk la (American Council of Engineering Companies, ACEC New York), John T. Evers, te deklare, "Wout ki gen anpil sikilasyon nan Nouyòk yo mande reparasyon ak antretyen konsistan, men yo dwe pi byen pwoteje chak travayè bò wout yo lè y ap fè travay kritik sa a atravè eta a. Se poutèt sa Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la tèlman enpòtan paske li mete aksan sou nesesite pou tout chofè yo diminye vitès yo epi rete vijilan lè y ap deplase nan zòn travay sa yo. Yon chofè ki distrè ka gen konsekans fatal, epi antanke vwa kominote enjenyè Nouyòk la, nou sipòte fòtman elajisman siveyans vitès otomatik nan tout eta a ak ogmantasyon penalite pou moun ki blese travayè transpò yo. Pwoteje gason ak fanm devwe sa yo vle di pwoteje sekirite kominote nou yo ak ekonomi nou an."

Prezidan AFL-CIO Eta Nouyòk, Mario Cilento, te deklare, "Nan kèk jou sèlman, nou pral make Jounen Memoryal Travayè yo pou onore moun ki te pèdi lavi yo nan travay la. Malgre amelyorasyon nan sekirite nan zòn travay yo, zòn travay sou wout Nouyòk yo rete pami kote ki pi danjere pou travay. Okenn travayè pa ta dwe pè pou lavi yo pandan y ap fè travay yo, epi okenn fanmi pa ta dwe nan lapenn pou pèt yon moun yo renmen akòz ensidan wout ki ka evite epi ki pa ka evite konplètman. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li bay sekirite travayè yo priyorite epi nou bat bravo pou Komisè Dominguez ak Direktè Egzekitif Thruway la, Hoare, paske yo mete aksan sou enpòtans pwoteksyon mendèv ki kenbe wout nou yo an sekirite."

John Cooney Jr., Direktè Egzekitif Construction Industry Council of Westchester and Hudson Valley Inc., te deklare, "Zòn travay yo pa sèlman yon pati nan transpò piblik la; yo se espas travay yon moun, e kounye a yo toujou twò danjere. Dènye ogmantasyon aksidan yo se yon rapèl ke abitid kondwi chak jou yo — tankou depase vitès, tcheke telefòn ou, oswa pa fè atansyon ak siyal sikialsyon yo — ka gen konsekans grav nan zòn sa yo. Dèyè chak kòn ak chak kas pwoteksyon gen yon moun reyèl, yon moun ki gen yon fanmi k ap tann yo lakay yo. Nan Konsèy Endistri Konstriksyon an, n ap mande chofè yo pou yo pran segonn anplis sa a, ralanti, epi rete konsantre. Se yon ti chanjman ki ka fè yon diferans ki ka sove lavi epi ede asire tout moun rive lakay yo an sekirite nan fen jounen an."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta Nouyòk (New York State Building Trades) la, te deklare, "Chantye konstriksyon yo deja natirèlman danjere epi danje yo ajoute ak varyant mwens kontwole nan wout ak sikilasyon ak gwo vitès sèlman

ogmante risk pou travayè sou otowout nou yo. Se poutèt sa nou dwe kontinye ankouraje chofè yo avanse ak plis prekosyon ak atansyon ozalantou zòn travay wout yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li ak paske li sansibilize sou pwoblèm enpòtan sa a. Chak Nouyòkè k ap travay di, ki gen ladan atizan nou yo k ap travay sou wout nou yo, merite retounen lakay yo an sekirite pou rejwenn fanmi yo nan fen chak orè travay."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Kontraktè Long Island (Long Island Contractors' Association) lan, Marc Herbst, te deklare, "Travayè nou yo mete tèt yo an danje chak jou pou kenbe wout nou yo an sekirite epi pou kenbe vwazen nou yo an mouvman. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Komisè Dominguez, ak Direktè Egzekitif Hoare paske yo te mete sekirite travayè yo sou wout nou yo an premye, epi yo te pran yon gwo angajman pou elaji pwoteksyon yo atravè aplikasyon lwa ki vize deplwaman kamera siveyans vitès nan zòn travay yo. Men, kenbe travayè yo an sekirite se responsablite tout moun ki dèyè volan an tou, epi nou mande pou ou ralanti epi rete vijilan nan zòn travay yo pou asire ke nou tout ka rive lakay nou an sekirite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Materyèl Konstriksyon Nouyòk, Bruce Barkevich, te deklae, "NYMaterials kanpe avèk Gouvènè Hochul, Komisè Dominguez ak Direktè Egzekitif Hoare pou mete aksan sou risk pou travayè yo k ap fè pwojè yo ki mete yo an danje chak jou. Men, konsyantizasyon sa a pa ka sèlman pou yon jou oswa yon semèn nan yon ane. Si nou te ka bay tout chofè yo opòtinite pou yo kanpe nan yon zòn travay akote trafik an dirèk, yo t ap konprann danje mendèv nou an twouve yo ladan l. Toupatou nan peyi a, eta yo ap rekonèt semèn Konsyantizasyon nan Zòn Travay la. Kite Nouyòk dirije pwoteksyon mendèv nou an lè nou chanje tandans ensidan yo nan zòn travay nou yo. Mèkredi se Jounen pou Mete Oranj Tanpri mete mayo oranj nou yo pou sipòte gason ak fanm brav nou yo k ap travay pou rebati enfrastrikti nou an."

Prezidan Asosyasyon Prezèvasyon Pave Nouyòk la, Justin Guiles, te deklare, "Sekirite nan kè prezèvasyon pave; kenbe wout nou yo an bon kondisyon se yon etap fondamantal pou kenbe yo an sekirite. Asosyasyon Prezèvasyon Pave Nouyòk (New York Pavement Preservation Association, NYPPA) la bat bravo pou atansyon Gouvènè Hochul sou Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay la, epi nou rejwenn li pou ogmante vijilans chofè yo. Ekip nou yo travay san pran souf pou kenbe Nouyòk an mouvman; nou mande chofè yo pou yo remèt favè a lè yo ralanti, rete vijilan, epi respekte zòn travay yo ki pèmèt nou pwoteje enfrastrikti eta nou an."

Joseph Byrne, Sekretè Egzekitif Adjwen-Trezorye, Konsèy Rejyonal Chapantye Eta Atlantik Nò yo, te deklare, "Jan Semèn Nasyonal Sansibilizasyon sou Zòn Travay la ap raple nou, 'Aksyon ki an sekirite sove lavi', epi nou felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li nan pwoteje gason ak fanm ki konstwi epi kenbe wout nou yo. Twòp travayè ap fè fas ak kondisyon danjere akòz kondwi san reflechi, epi efò sekirite sa yo ki renouvle voye yon mesaj klè: ralanti, rete vijilan, epi respekte zòn travay la. Chak travayè merite retounen lakay yo an sekirite nan fanmi yo nan fen jounen an."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Vil Nouyòk, Chris Koetzle, te deklare "Avèk vil yo ki responsab plis pase 60 pousan wout eta a, Asosyasyon Vil Nouyòk la envesti pwofondman nan, epi li sipòte, amelyorasyon sekirite wout pou anplwaye depatman gran wout yo ak chofè yo. Nou aplodi Gouvènè Hochul ki kenbe wout yo an sekirite pou tout moun k ap vwayaje epi ki antreteni yo."

Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte (NYSAC) Eta Nouyòk yo, te deklare, "Pandan n ap antre nan sezon konstriksyon wout ki chaje a prentan sa a, nou ankouraje tout chofè nan tout Nouyòk pou yo ralanti epi rete vijilan nan zòn travay yo. Travayè gran wout nou yo dedye a repare, antreteni, ak amelyore wout ak pon ki konekte kominote nou yo, epi sekirite yo depann de vijilans chak chofè. Sekirite wout se yon espò kolwktif, epi li mande nou tout pou kenbe travayè nou yo an sekirite. Ann travay ansanm pou asire ke anplwaye transpò ak travay piblik nou yo retounen lakay yo an sekirite nan fen jounen an."

Donato A. Bianco, Vis Prezidan Inyon Entènasyonal Travayè Amerik di Nò (Laborers' International Union of North America, LIUNA) ak Manadjè Rejyonal New England, te deklare, "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la sèvi kòm yon rapèl enpòtan pou chofè yo pou yo ralanti, rete vijilan epi fè plis atansyon lè y ap fè travay sou wout yo. Pa gen okenn eskiz pou yon kondwi distrè oswa danjere, sitou nan yon zòn kote gason ak fanm k ap travay di ap eseye fè travay yo tou senpleman. Sa a se espas travay manm nou yo epi chak manm LIUNA sou sit travay sa yo se moun yo renmen, epi yo tout merite retounen lakay yo an sekirite nan fen jounen an. Lè nou fè atansyon, lè nou respekte limit vitès yo epi lè nou respekte zòn travay yo, nou ka sove lavi. Ann tout fè pati pa nou pou kenbe travayè kalifye Nouyòk yo an sekirite."

Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation, PEF) Eta Nouyòk, Wayne Spence, te deklare, "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la ban nou opòtinite pou nou remèsye travayè transpò yo paske yo kenbe wout nou yo fonksyonèl e an sekirite epi pou nou rekonèt ke yo fè fas ak danje ki pa nesesè e ki ka evite chak jou pandan y ap bay sèvis enpòtan sa yo pou Nouyòkè yo. Kantite chofè k ap kondui yon machin anba enfliyans alkòl oswa dwòg, ki kondui san reflechi oswa ki distrè, ogmante anpil nan dènye ane yo, sa ki lakòz yon ogmantasyon nan blesi. An 2024, Depatman Transpò Eta Nouyòk la te rapòte 322 entrizyon nan zòn travay, sa ki te lakòz 138 blesi — sa ki montre aklè ke gen plis bagay ki nesesè pou fèt pou pwoteje chofè ak travayè yo. Pou rekonèt Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la, epi nan non 60,000 manm Federasyon Anplwaye Piblik Eta Nouyòk la, nou mande desidè yo pou yo fè yon pa pou pi devan epi rekonèt ke move chwa kèk chofè neglijan te fè yo mete moun inosan an danje san nesesite. Pou rekonèt mendèv ki travay di nan transpò a, nou ankouraje moun ki fè politik yo pou yo pran mezi konkrè pou rann chofè yo responsab pou aksyon yo lè yo apwouve plizyè pwopozisyon Gouvènè a te prezante yo."

Prezidan ak Direktè Jeneral Teamsters Local 456, Louis A. Picani, te deklare, "Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la plis pase yon senp kanpay; se responsablite chak chofè ki pran volan an pou yo sonje ke dèyè chak kas pwoteksyon

gen yon fanmi k ap tann yo lakay yo. Manm sendika nou yo travay nan kèk nan kondisyon ki pi danjere sou wout nou yo, epi yo merite tout atansyon ak respè chak chofè ki pase nan yon zòn travay. Teamsters Local 456 kanpe avèk Gouvènè Hochul ak Otorite Thruway Eta Nouyòk la pou ranfòse lide ki di yon sèl moman pridans ka sove yon lavi."

Prezidan CSEA, Mary E. Sullivan, te deklare, "Sendika nou yo rejwenn Gouvènè Hochul, ansanm ak Depatman Transpò ak Otorite Thruway Eta Nouyòk nan obsèvasyon Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la soti 20 avril pou rive 24 avril. Pandan sezon travay sou wout yo ap kòmanse, nou kontinye mete aksan sou enpòtans yon bon jan konduit sou volan epi nou pale pou pwoteje tout moun k ap travay sou wout yo oswa toupre yo. Twò souvan, yon ti distraksyon lakòz lanmò oswa blesi yon moun k ap fè travay li tou senpleman. Antanke chofè, nou tout dwe sonje ralanti, rete vijilan, epi pase sou kote. Dèyè chak kòn gen yon moun ki gen moun yo renmen k ap tann yo retounen lakay yo."

Prezidan Asosiyasyon Sirentandan Otowout Konte Eta Nouyòk lan, William Geary, te deklare, "Zòn travay Nouyòk yo enpòtan pou ekonomi nou an, men yo se tou anviwònman ki gen anpil risk pou ekip devwe k ap kenbe eta nou an mouvman. Pandan Semèn Sansibilizasyon nan Zòn Travay Nasyonal la, nou rejwenn Gouvènè a, DOT a, ak Otorite Thruway la pou mete aksan sou danje vitès ak kondui distrè. Nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo kondui yon fason responsab nan zòn travay yo pou pwoteje travayè nou yo ak fanmi yo."

Prezidan Asosiyasyon Sirentandan Otowout Komin nan Eta Nouyòk (New York State Association of Town Superintendents of Highways) ak Sirentandan Otowout Komin Clarence, James Dussing, te deklare, "Nan non 933 vil eta a ak 20,000 anplwaye otowout lokal nou yo, mwen vle remèsye tout moun k ap rekonèt Semèn Sansibilizasyon sou Zòn Travay la. Gason ak fanm k ap travay sou wout nou yo chak jou merite retounen lakay yo an sekirite al jwenn fanmi yo. Sa senp. Asire sekirite alafwa chofè yo ak travayè wout yo rete yon pi gwo priyorite pou asosyasyon nou an. Lè nou ogmante konsyantizasyon epi ankouraje yon kondwit responsab nan zòn travay yo, nou ka ede anpeche blesi ak lanmò ki pa nesesè. Pwoteje travayè otowout nou yo pandan n ap kenbe wout yo an sekirite pou tout Nouyòkè se yon responsablite pataje — yon responsablite nou tout ta dwe kapab dakò ak li."

Vis Prezidan AAA Nòdès la, John Corlett, te deklare, "Pandan sezon konstriksyon otowout la ap kòmanse byen vit, AAA ankouraje chofè yo pou yo pran plis prekosyon lè y ap apwoche epi kondui nan zòn travay yo. Chak ane gen dè santèn entrizyon nan zòn travay sou wout eta Nouyòk yo. Sa a tou senpleman pa akseptab. AAA ankouraje chofè yo tou pou yo respekte lwa 'Deplase sou Kote' eta a ki egzije chofè yo pou yo chanje liy lè y ap apwoche machin ki kanpe bò wout la, tankou machin konstriksyon, machin ijans, kamyon remokaj ak machin ki an pàn sou bò wout la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU